



HAK PASÉN

- 1.meunang informasi ngeunaan kaayaan kaséhatan dirina;
- 2.meunang panjelasan anu cekap ngeunaan palayanan kaséhatan anu ditampi;
- 3.meunang palayanan kaséhatan luyu jeung kabutuhan médis, standar profési, sarta palayanan anu bermutu;
- 4.boga hak narima atawa nolak tindakan médis, iwal pikeun tindakan médis anu diperlukeun dina raraga nyegah panyakit nular jeung nanggulangan kajadian luar biasa (KLB) atawa wabah;
- 5.meunang aksés kana informasi anu aya dina rékam médis;
- 6.tiasa ménta pamadegan ti tanaga médis atawa tanaga kaséhatan séjén; jeung
- 7.meunang hak séjén saluyu jeung katangtuan peraturan perundang-undangan.

Nomor:R-65/PKRS/VI/2026

HAK DAN KAWAJIBAN PASÉN



RUMAH SAKIT
CIREMAI



PROMKES
CIREMAI

Sumber : UURI No. 17 Tahun 2023 Tentang Kesehatan

KAWAJIBAN PASÉN

1. méré informasi anu lengkep jeung jujur ngeunaan masalah kaséhatanana;
2. nurut kana naséhat jeung pituduh ti tanaga médis jeung tanaga kaséhatan;
3. nurut kana katangtuan anu berlaku di fasilitas palayanan kaséhatan; jeung
4. mayar waragad jasa pikeun palayanan anu geus ditampi



Pikeun ngajaga kaamanan, kanyamanan, katertiban, sarta ngarojong prosés cageurna pasén, sakumna pangunjung jeung nu ngadagoan pasén wajib nurut kana aturan di handap ieu:

1. Pangunjung jeung nu ngadagoan pasén wajib ngalaksanakeun protokol kaséhatan, nyaéta ngumbah leungeun saméméh jeung sanggeus nganjang ka pasén, ngagunakeun masker sakumaha diperlukeun, sarta ngajaga kabersihan diri.
2. Pangunjung jeung nu ngadagoan pasén wajib ngahargaan hak, privasi, martabat, jeung kanyamanan pasén séjén, ogé ngajénan sakumna pagawé rumah sakit kalayan sopan santun.
3. Nu ngadagoan pasén diwatesan maksimal 2 (dua) urang déwasa sarta wajib ngagunakeun kartu panunggu.
4. Barudak anu umurna di handapeun 12 taun teu diidinan asup ka rohangan perawatan, iwal aya idin husus ti patugas.

Demi kaamanan jeung kanyamanan babarengan, pangunjung jeung nu ngadagoan pasén wajib:


1. Henteu mawa pakarang api, pakarang seukeut, atawa barang bahaya séjénna.
2. Henteu mawa inuman nu ngandung alkohol, narkotika, psikotropika, zat adiktif, atawa ubar tanpa idin tanaga kaséhatan.
3. Henteu mawa barang berharga kaleuleuwihi.
4. Henteu mawa sasatoan piaraan.
5. Henteu ngaroko atawa ngagunakeun roko éléktronik di sakuliah lingkungan rumah sakit.
6. Henteu nyieun rékaman audio, visual, atawa audiovisual tanpa idin.
7. Henteu asup ka kamar pasén nalika dokter atawa tanaga kaséhatan keur ngalaksanakeun pamariksaan.
8. Henteu diuk atawa ngagolér dina ranjang pasén.
9. Henteu ngajemur pakean di rohangan perawatan iwal dina tempat nu geus disadiakeun.
10. Ngajaga katengtreman, kabersihan, katertiban, jeung karapihan.
11. Mawa kabutuhan sapopoé sakaperluna.
12. Ngahémat pamakéan cai jeung listrik.
13. Miceun runtah dina tempat anu geus disadiakeun.
14. Ngagunakeun fasilitas rumah sakit luyu jeung fungsina.
15. Mulangkeun inventaris rumah sakit anu dipinjam saméméh pasén mulang.



Jam nganjang :

Dinten :	Beurang	Sonten
Senén—Saptu:	11.00—13.00 WIB	17.00—19.00 WIB
Minggu jeung poé libur:	10.00—13.00 WIB	17.00—19.00 WIB

Husus: Kunjungan di luar jam nganjang ngan ukur diidinan lamun geus meunang idin ti patugas anu boga kawenangan.



Hatur nuhun kana kerjasama anjeun dina nyiptakeun lingkungan anu aman, nyaman, sareng kondusif pikeun prosés penyembuhan pasien di Rumah Sakit Ciremai.